

Èd (k òb) pou moun k ap viv Massachusetts ki andikape (Br ñf)

Ajoute ak entwodiksyon sa a, nou sijere w li enfòmasyon ki nan lyen "Sous ak pou plis enfòmasyon" (Sources and for More Information) **epi pale sou sitiyasyon w** ak travay èsosyal ou oswa moun k ap ede w la.

Asirans pou andikap nan sekirite sosyal (Social Security Disability Insurance, SSDI)

Elijiblite SSDI

- **Istorik travay ou - ou ka te travay:**
 - o nan djòb kote ou te peye taks jan Ak kontribisyon asirans Federal (Federal Insurance Contributions Act, FICA) mande sa E
 - o pou omwen yon **kantite tan** (kantite an fonksyon de laj ou) E
 - o yon kantite nan travay sa a dwe se te **dènyeman**.
- **Gade si istorik travay ou kapab kalifye:** Bwochi sou pansyon akoz ou pa ka travay, SSA, nan [socialsecurity.gov/pubs/EN-05-10029.pdf](https://www.socialsecurity.gov/pubs/EN-05-10029.pdf) (paj 2-3).
Nan k ñk ka, ou kapab elijib an fonksyon de dosye travay konjwen w oswa yon paran w.
- **Andikap – SSDI defini andikap** k ñm yon kondisyon:
 - o **yo atann ki dire omwen 12 mwa oswa ki mennen nan lanmà**
 - o **ki anpeche w angaje nan Aktivite k ap ede w byen jwenn sa w bezwen** “Substantial Gainful Activity (SGA)”. Si w ka travay e genyen plis pase kantite SGA a, yo **PAP** konsidere w k ñm yon moun ki andikape pou SSDI ak SSI. An 2024, si w touche plis pase \$1,550 pa mwa (oswa \$2,590 pa mwa si w av èg), yo **pap** konsidere w k ñm yon moun ki andikape.
 - o se yon **eta** grav ki par èt sou youn nan lis kondisyon pou moun ki andikape ki nan Administrasyon sekirite sosyal (Social Security Administration, SSA), OSWA ou dwe suiv yon pwosesis ki pwouve kondisyon w anpeche w travay.
- **N ñt: SSI s ñvi ak menm definisyon andikap la - aprann plis sou SSI pi ba a.**
- **SSDI PA baze sou pwobl èm k òb.** Ou kapab kalifye k ñkeswa k òb ou gen sere oswa envestisman ou f è

Pansyon SSDI

- **Peryòd ap tann/inejibilite ki dire 5 mwa-** SSDI pa peye pansyon pou senk premye mwa ou gen andikape a.
- Ou ka gade pansyon yo estime ou ka jwenn nan ssa.gov/myaccount/ oswa rele nan 800-772-1213.
- **Si w gen pansyon, konjwen w, pitit ki min èe/oswa adilt ki andikape kapab elijib tou pou yo gen pansyon.** Mande SSA enfòmasyon kons ènan pansyon moun ki sou kont ou.

Pou aplike pou SSDI

- **Rele Administrasyon sekirite sosyal (Social Security Administration) nan 800-772-1213 pou w pran yon randevou pou w aplike an pèsòn nan biwo ki nan zòn ou an.** Si w gen yon andikap ki mande pou yo ta fè yon amenajman pou w ka deplase e fè yon seri lòt bagay pi fasil, mande yon randevou nan telefòn. Yon lòt moun ka kòmanse ranpli aplikasyon an pou ou, men w ap bezwen siyen l.
- **Ide**
 - o Nou rekòmande w aplike an pèsòn oswa pa telefòn pou w ka poze kesyon.
 - o **Pa pran tan** - SSDI ka peye pansyon ou pa t jwenn yo, men se sèman si sa gen 12 mwa.
 - o **Asire w rapò medikal yo ak tout dokiman yo soumèt nan bon moman.** Sou Rapò andikap la, asire w ou mete Mas jeneral (Mass General). Apre sa, Sekirite sosyal (Social Security) pral mande Sèvis enfòmasyon sou sante (Health Information Services) nou an (dosye medikal yo) pou l ka voye yon kopi elektwonik dosye medikal la bay SSA. Mande doktèw pou yo reponn kòkeswa demann SSA ta fèepi tcheke yo te fèl.
 - o **Prevwa pou w fèap èl-** byen souvan, yo rejte demann nan premye fwa nou fèl la, men apre sa, yo apwouve l lèyo fèap èl.

Sous ak pou plis enfòmasyon:

- *Pansyon andikap*, SSA Piblikasyon nimewo 05-10029, out 2022 - ssa.gov/pubs/EN-05-10029.pdf
- *Asirans andikap pou sekirite sosyal (Social Security Disability Insurance, SSDI) A Primer*, AARP Public Policy Institute, assets.aarp.org/rgcenter/econ/i28_ssdi.pdf.
- *Kit demaraj pou adilt ki andikape* ssa.gov/disability/disability_starter_kits_adult_eng.htm (Espayòl: ssa.gov/disability/SP_dib_starter_kits_adult.htm)

Revni sekirite siplemant è (Supplemental Security Income, SSI)

Elijiblite SSI

- **Ou PA bezwen peye sistèm sekirite sosyal la pou w kalifye pou pansyon SSI** (eksepsyon pou kòk migran).
- **Kategori ki elijib:** Ou dwe andikape, avèg, oswa omwen gen 65 an. SSI ak SSDI sèvi ak menm pwoesisis la pou detèmine sa ki andikap. Aprann plis sou seksyon SSDI ki pi wo a.
- **Elijib finansyèman:** SSI se yon pwogram ki baze sou bezwen ak limit revni e aktif. Gade **Pou plis enfòmasyon** ki nan fen seksyon sa a pou plis detay.
- **Stati w kòm sitwayen:**
 - o Imigran ki san papye yo pa elijib.
 - o Imigran ki gen papye yo ka elijib, tou depan de stati presi yo kòm imigran, lèyo te antre nan peyi a ak konbyen tan yo genyen depi yo gen stati sa a.
 - o **Pou yon imigran elijib, sa konplike; nou sijere w pale ak travay èsosyal ou a oswa yon moun k ap ede w ki gen eksperyans nan kesyon pou konnen si yon imigran elijib pou l gen pansyon.**

Pou aplike pou SSI

- **Nou rekòmande w aplike an pèsòn oswa pa telefòn pou w ka poze kesyon.**
- **Rele Administrasyon sekirite sosyal (Social Security Administration) nan 800-772-1213 pou w pran yon randevou** pou w aplike an pèsòn nan biwo ki nan zòn ou

an. Si w gen yon andikap ki mande pou yo ta fè yon amenajman pou w ka deplase e fè yon seri lòt bagay pi fasil, mande yon randevou nan telefòn. Yon lòt moun ka kòmanse ranpli aplikasyon an pou ou, men w ap bezwen siyen l.

- **Aplike kou sa posib.** Si yo apwouve w pou SSI, y ap kòmanse peye w panson mwa ki vin apre ou te fè aplikasyon an, yo pap peye w anvan menmsi ou te andikape oswa ou te gen plis pase 65 anvan sa.

Sous ak pou plis enfòmasyon:

- *Revni sekirite siplemant è*(Supplemental Security Income, SSI) SSA Piblikasyon nimewo 05-11000, May 2023- ssa.gov/pubs/11000.html
- *Kit demaraj pou andikape:*
 - O Granmoun- ssa.gov/disability/disability_starter_kits_adult_eng.htm (Espayòl ssa.gov/disability/SP_dib_starter_kits_adult.htm)
 - O Ptit - ki gen mwens pase 18 an ssa.gov/disability/disability_starter_kits_child_eng.htm (Espayòl: ssa.gov/disability/SP_dib_starter_kits_child.htm)

Èd pou fanmi ki gen ptit sou kont yo ka fè tranzisyon (Transitional Assistance to Families with Dependent Children, TAFDC)

TAFDC (yo rele TANF nan lòt eta) bay fanmi ki gen ti revni èd (kòb) pandan yon ti tan. Si w ansent oswa ou gen ptit, ou kapab kalifye. Ou **pa** bezwen andikape.

Elijibilite TAFDC

- **Kategori ki elijib**
 - o Adolesan ki ansent (ki gen mwens pase 18 an) ki ranpli egzijans ale lekòl la OSWA
 - o Moun ki ansent ki nan dènye 120 jou gwosè yo OSWA
 - o Fanmi ki gen ptit ki gen mwens pase 18 an (oswa ki gen 18 an e ki se yon etidyan aplentan)
- **Elijib finansy ènan: ou dwe gen yon revni ki piti** (nan 10/1/21, pa gen limit). Gade **Pou plis enfòmasyon** ki nan fen seksyon sa a pou plis detay.
- **Lòt egzijans pou elijib**
 - o Ou dwe yon abitan nan Massachusetts.
 - o **Stati kòm imigran-** imigran ki pa gen papye pa elijib, men ptit yo ki sitwayen kapab elijib. Imigran ki gen papye yo ka elijib tou depan de stati presi yo genyen kòm imigran e konbyen tanyo gen stati sa a. **Pou yon imigran elijib, sa konplike; nou sijere w pale ak travay èsosyal ou a oswa yon moun k ap ede w ki gen eksperyans nan kesyon pou konnen si yon imigran elijib pou l gen panson.**

Pou aplike pou TAFDC

Aplike nan biwo Depatman èd pou tranzisyon (Department of Transitional Assistance, DTA) Moun k ap aplike a kapabaplike anliy pa mwayen DTACConnect: dtaconnect.eohhs.mass.gov/ oswa li ka jwenn yon biwo ki nan zòn li an nan: eohhs.ehs.state.ma.us/DTAOffices/default.aspx oswa rele 800-249-2007.

Sous ak pou plis enfòmasyon:

- *Gid pou TAFDC*, Enstiti refòm Lwa Massachusetts, (Massachusetts Law Reform Institute), <https://www.masslegalservices.org/content/2022-tafdc-advocacy-guide>

Èd ann ijans pou moun ki aje, ki andikape ak timoun (EAEDC)

EAEDC se yon pwogram Massachusetts ki ede moun ki gen revni **ki piti anpil** e ki pa resevwa TAFDC, SSI, oswa lòt pansyon menm jan an, jwenn yon ti k òb.

Elijiblite EAEDC

- **Kategori ki elijib:** Gen yon ti kategori ki elijib, men n ap konsantre sou sila ki andikape.
 - Kantite tan andikap la- EAEDC mande pou andikap la la depi omwen 60 jou. Sa pi kout pase 12 mwa (oswa yo atann ki mennen nan lanmò) SSI ak SSDI mande a.
- **Elijib finansy èman:** Ou dwe gen revni ak aktif (sa w sere ak sa w envesti, etc.) **ki vr èman** limite
 - Revni- Kantite **maksimòm** revni an se \$334.10/pa mwa pou yon moun oswa \$434.70/pa mwa pou yon fanmi ki gen 2 moun.
 - Aktif- depi 10/1/21, EAEDC pa gen limit aktif elijib ank ò.
- **Ou dwe yon abitan nan Massachusetts.**
- **Stati imigran-** ou dwe se yon imigran ki legal, men règ yo mwens strik pase lòt pwogram yo. Pa gen "yon dispozisyon 5 an" pou resevwa pansyon.
- Epitou, ou dwe **pa** elijib pou TAFDC, ou pa gen travay, oswa S èvis pou ansyen konbatan nan lame. Ou ka gen EAEDC pandan w ap tann pansyon SSI, men w ap gen pou w rem èt k òb la; y ap retire pansyon EAEDC ou resevwa a nan p èman SSI ou.

Pou aplike pou EAEDC

Aplike nan biwo Depatman èd pou tranzisyon (Department of Transitional Assistance, DTA) Moun k ap aplike a kapabaplike anliy pa mwayen DTACConnect: dtaconnect.eohhs.mass.gov/ oswa li ka jwenn yon biwo ki nan zòn li an nan: ehhs.ehs.state.ma.us/DTAOffices/default.aspx oswa rele 800-249-2007.

Asire w ou siyen e w mete dat yon demann premye fwa w ale nan biwo DTA a, menmsi pa gen okenn moun ki disponib pou ede w ranpli l jou sa a. Si yo w èou elijib, y ap ba ou pansyon an apati jou ou siyen fòmil èsa a.

Sous ak pou plis enfòmasyon:

- *Gid EAEDC*, Enstiti refòm Lwa Massachusetts, (Massachusetts Law Reform Institute, masslegalhelp.org/income-benefits/eaedc-advocacy-guide
- *Rapò sou ogmantasyon pansyon TAFDC ak EAEDC*, Depatman èd pou tranzisyon: mass.gov/doc/tafdc-and-eaedc-benefit-increase-report/download, Janyve 2021

Èd pou aplike ak lòt kalite èd

Moun ki gen ti revni ka elijib tou pou lòt kalite èd. Mande travay èsosyal ou a oswa kontakte Sant pou moun viv endependan pou w ka jwenn lòt opsyon.

Sant pou moun viv endependan (ILCs) rele tou (CILs).

ILCs yo se moun ki andikape ki jere yo e se pou yo ILCs yo ye. Yo ka ofri w kons èy sou yon pak èt sij è. Yo ka menm ede w ranpli aplikasyon yo.

Jwenn yon Sant pou moun viv endependan toupre w:

- Nan Massachusetts - masilc.org/findacenter
- Nan lòt Eta yo - ilru.org/html/publications/directory/index.html